



Pou Piblikasyon Imedya: 23/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EFÒ MILTI ETA POU REDWI PI PLIS EMISYON GAZ A EFÈ SÈR YO KI SOTI NAN SEKTÈ KOURAN ELEKTRIK LAN

Gwoup Bipatizan Eta RGGI yo Pwopoze Redwi Limit Adisyonèl la de 30 Pousan apati 2030

Ranfòsman RGGI a Ap Akonpli Angajman Eta Leta 2017 Gouvènè Cuomo a

New York Te Jenere Plis Pase 1 Milya Dola nan Pwosesis RGGI yo Ki Ap Sipòte Pwogram Efikasite Enèjetik, Enèji Pwòp ak Rediksyon Emisyon Gaz yo Jiska Dat

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke New York, ansanm ak ywit lòt eta ki ap patisipe nan Inisyativ Gaz A Efè Sèr Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI), yo ap pwopoze pou modènize efò milti eta yo pou redwi polisyon kabonik lan apati rediksyon limit nan emisyon gaz santral elektrik yo de yon 30 pousan adisyonèl pi ba pase nivo 2020 yo apati 2030. Sa akonpli [defi](#) Eta Leta mwa Janvyè Gouvènè a pou eta RGGI yo pou kapab ranfòse pi plis pwogram RGGI an, ki ap pote avantaj anviwònmantral, sante ak ekonomik. Ak modènizasyon pwogram sa, limit rejyonal la an 2030 pral 65 pousan anba nivo inisyal 2009 lan.

“New York ap mennen nan efò nasyon an yo nan ranfòse sekirite klimatik, epi atravè pwogram RGGI an ak dènye pwopozisyon bipatizan sa pou kapab redwi emisyon gaz yo menm pi plis, investisman nan pwosesis yo pral kontinye sipòte epi kreye plizyè milye pòs travay epi redwi fakti elektrisite yo pou abitan yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Reyisit RGGI bay egzanp angajman New York nan powteje popilasyon eta sa lè li montre mond lan ke nou pral redwi polisyon epi amelyore sante, pandan ke n’ap transfòme ekonomi nou an pou vin yonn ki pi pwòp, pi ekolojik, pi djanm, epi pi dirab ke jamè.”

New York, ansanm ak nèf lòt Eta nan rejyon Nòdès ak mitan Atlantik ki nan RGGI a, ki te fòme an premye an 2005, yo fè pati premye pwogram nasyon an ki itilize yon mekanis inovatif ki baze sou mache a pou limite ak redwi yon fason ki rantab emisyon gaz kabonik ki lakòz chanjman klimatik yo. Yon gwoup bipatizan ki enkli New York, Connecticut, Delaware, Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, ak Vermont. RGGI te ede Eta nan rejyon Nòdès ak mitan Atlantik yo reyalize rediksyon konsiderab nan emisyon gaz kabonik ak lòt polyan yo ki soti nan sektè kouran elektrik lan.

RGGI te kontribiye nan yon rediksyon prèske 50 pousan nan emisyon gaz kabonik yo ki soti nan izin kouran ki te afekte yo nan New York, ak yon rediksyon 90 pousan nan jenerasyon kouran ke yo fè ak chabon nan eta a. Jiska dat, New York te jenere plis pase 1 milya dola nan pwosesis RGGI yo, ki ede finanse pwogram efikasite enèjetik, enèji pwòp ak rediksyon emisyon gaz yo.

An 2013, Gouvènè Cuomo te mennen eta RGGI yo nan redwi limit emisyon gaz lan de 50 pousan apati 2020. RGGI kontinye depase atant yo epi li te bay plis pase 2 milya dola nan avantaj ekonomik rejyonal yo, ak 5.7 milya dola nan avantaj sante piblik yo pandan ke y'ap redwi emisyon gaz yo ki an eksè nan egzijans limit ki ap deklive yo.

Komisyone Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral a (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, “Inisyativ Gaz a Efè Sèr Rejyonal lan te yon reyisit enkwayab nan redwi emisyon gaz a efè sèr yo ki kontribiye nan chanjman klimatik global la nan New York ak rejyon Nòdès la, pandan ke y'ap sipòte plizyè milye pòs travay ak plizyè milya dola envestisman nan pwòje devlopman dirab yo. An absans lidèchip federal sou chanjman klimatik yo, pwopozisyon RGGI a pral redwi limit emisyon gaz yo menm pi plis, epi etabli presedan an pou nou rekonèt epi pran mezi kont chajman klimatik yo pou sipòte avni kominote yo toupatou nan mond lan”.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou New York, te deklare, “Lidèchip Gouvènè Cuomo sou RGGI montre jan politik bipatizan entelijan yo bat retorik chak fwa. Pwopozisyon RGGI jodi a, nan travay de konsè ak politik Vizyon Refòm Enèji Gouvènè a ak Estanda Enèji Pwòp yo (Clean Energy Standard), li ap voye mesaj lan bay nasyon an pou di ke chanjman klimatik yo reyèl, epi fiti a se enèji ki pwòp epi renouvlab”.

Prezidan Komisyon Fonksyon Piblik la (Public Service Commission) John B. Rhodes te deklare, “Chanjman RGGI pwopoze yo konstitiye yon lòt etap konsiderab pou kapab redwi emisyon gaz kabonik yo. Sou Gouvènè Cuomo, New York te deja etabli objektif enèji renouvlab ak kabòn ki ap mennen nan nasyon an nan Estanda Enèji Pwòp li yo. Kounye a, inisyativ milti eta ak bipatizan sa ap fè nou vanse kòm yon rejyon”.

Prezidan ak PDG Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Alicia Barton, te di, “Pwopozisyon RGGI sa demontre ke eta yo ap pran pwoblèm lan nan pwòp men yo nan batay kont chanjman klimatik yo. Tranzisyon nan yon sistèm enèji ki pi pwòp pa rete ankò yon bagay agreyab pou nou fè, se yon obligasyon. Nan travay ansanm atravè liy eta yo pou redwi emisyon gaz ki danjere yo epi favorize kwasans nan ekonomi enèji pwòp lan, eta RGGI yo ap asire ke nou tout benefisye ak yon anviwònman ki pi pwòp ak kominote ki pi pwospè”.

Estanda Enèji Pwòp ak Lidèchip Klimatik Eta New York

An Jen, Gouvènè Cuomo te fonde Alyans Klimatik Amerikèn lan (US Climate Alliance) ansanm ak Gouvènè nan Eta California ak Washington yo pou asire ke yo pral respekte

objektif rediksyon emisyon gaz yo ki nan Akò Paris a sou chanjman klimatik yo onivo eta a. Depi Jen, Alyans Klimatik Amerikèn lan te elaji pou anglobe 14 eta, sa ki reprezante anviwon 40 pousan nan GDP Ameriken an. Eta New York rete pare pou travay ansanm ak tout lòt eta yo, ki enkli sila yo ki ap patisipe nan Alyans Klimatik Amerikèn lan, pou pran nenpòt mezi adisyonèl ki nesèsè pou kapab asire ke yo kontinye atenn rediksyon emisyon gaz yo ki an rapò ak Akò Paris a.

New York ap ankouraje aktivman inovasyon enèji pwòp yo atravè inisyativ ak estrateji Vizyon Refòm Enèji li an (Reforming the Energy Vision, REV). An plis, pwogram yo enkli Fon pou Enèji Pwòp la, Inisyativ NY-Sun 1 milya dola, 1 milya dola NY Green Bank, konpetisyon NY-Prize 40 milyon dola pou mikwogriy kominotè yo, ak plizyè lòt, asire ke pwogrè yo pral akselere pou atenn rediksyon emisyon gaz yo.

Avantaj Sante RGGI yo

Analiz resan yo montre tou ke RGGI te pwodwi divès avantaj sante ak pwodikтивite pou eta manm ki ap patisipe yo, ki enkli jiska 16,000 maladi respiratwa ke yo te evite, jiska 390 atak kadyak ke yo te evite, ak 300 a 830 ka lanmò ke yo te evite. Yo estime ke avantaj sante nan New York yo te depase 1.7 milya dola nan depans ki evite yo ak lòt avantaj ekonomik yo.

Avantaj Ekonomik yo

Ekonomi eta RGGI yo pi avanse pase sa rès peyi a, epi pri elektrisite yo nan rejyon an te bese, menm lè ke pri yo te monte nan lòt eta yo. Sa te gen ladan redui emisyon kabòn pa 16 pousan parapò a lòt eta e jwenn yon ogmantasyon ekonomik 3.6 pousan. Chak peryòd kontwòl twa ane yo kontribiye nan anviwon 4,500 pòs travay nan ekonomi Eta New York ak 14,000 a 16,000 pòs travay nan tout rejyon an.

Ekonomi sou Fakti yo

Konsomatè New York yo ki te patisipe nan pwojè ke RGGI te sipòte yo apati mwa Desanm 2016 pral reyalize 3.7 milya dola nan ekonomi sou fakti enèji akimilatif yo pandan dire pwojè yo, selon NYSERDA.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418